**К.Рахманов**
Қарақалпақстан халық шайыры,
Бердақ атындағы мәмлекетлик
сыйлықтың лауреаты

# Яр дийдары

**Алты картиналы музыкалы лиро-драма**

**Ўақыялар ҳәзирги күнлери**
**Қоңыратта болып өтеди.**

Нөкис – 2008-жыл

**Композитор Қ.Заретдинов** **К.Рахманов**

# Яр дийдары

**музыкалы драма**

| | |
|---|---|
| Сахналастырыўшы режиссёр | -Ж.Султабаев |
| Художник | -З.Сайпов |
| Режиссёр ассистенти | -Б.Узақбергенов |

**Роллерде қатнасыўшылар:**

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Мақпал | -Г.Жуманиязова, С.Аннақулова, Г.Қалменова |
| 2 | Кийикбай | -М.Усенов, А.Аширов |
| 3 | Жипек | -Ш.Ешпанова, Т.Рахманова |
| 4 | Шамурат | -Б.Узақбергенов, А.Ансатбаев |
| 5 | Айжан | -С.Даулетова, Г.Сарыбаева |
| 6 | Арыслан | -А.Байлепесов, Ғ.Сайтов |
| 7 | Қанигул | - Ж.Пирлешова, А.Қалимбетова |

## БИРИНШИ КАРТИНА

Әбигерлеў кабинет. Төрде жалғыз стол, қаптылында еки отырғыш. Жалаңаш дийўал, төселмеген пол. Столда ески телефон, дийўалға қыстырылған радио «Қоңыраттың қызлары бар» деген қосықты айтып тур. Қосық питкеннен соң телефон шырылдайды.

**Кийик** -Алло, аўа Кийикпен. Ассалаўма-әлейкум. Рахмет-рахмет! Не мекемеңизде неше ислейди дейсизбе? Бираз бар-ғо. 16 жасқа толмаған баласы барлар нешеў? Мен буларды жазып алайын. Бул мағлыўмат жайша керек пе? Инсаныйлық жәрдем ушын.. Экосаннан… Яқшы ақсақал. Азанда. Жеткиземиз.
(Жипекти шақырады.)-Жипек.

**Жипек** -Ләббай.

**Кийик** -Бизиң кәрханамызда неше адам ислейди.

**Жипек** -Оны не қылайын деп едиң?

**Кийик** -Жоқарыдан сорап атыр.

**Жипек** -Ислеп атырған екеўмиз, қараўыл менен сипсекеш.

**Кийик** -Ҳаў басқалары қайда?

**Жипек** -Басқалары қайда болатуғын еди, пулсыз отпускиде. Өзиң емеспе рухсат берген. Бул мекемеде 4-5 айдан бери айлық бермеген соң олар не қылсын кетти.

**Кийик** -Ҳәзир тап бүгин неше хызметкеримиз бар?

**Жипек** -Оны кадрлар бөлиминиң баслығы биледи.

**Кийик** -Шақырың оны.

**Жипек** -Қаяқтан шақыраман. Үш айдан бери Қазақстанда жүр. Былтыр 90 адам едиғой. Быйыл соның тең жартысы қалған шығар.

**Кийик** -Демек 45 адам. Нешеўи еркек, нешеўи ҳаял?

**Жипек** -Ҳаялы көбирек шығар.

**Кийик** -Неге?

**Жипек** -Ҳәзир жарытқандай еркек қалдыма? Гилең бала-шағасын бағалмай отырған жылайманлар түўе, олардам қатын деп жазып қоя бер.

**Кийик** -Ҳаў сонда да фамилиясын еркекшелеп жазыў керек ғой. Жаңағы ишиндеги ҳаялларымыз нешеў деп едиң.

**Жипек** -Бурынлары шақырықларға барғанда жигирмалаған болып баратуғын едик.

**Кийик** -Солардың бәри туўғанба?

**Жипек** -Мен қайдан билейин, киндигин кесиппен бе?

**Кийик** -Маған 16 жасқа толмағанлары керек еди-дә.

**Жипек** -Ҳмм… Солайма үндеместе үндей бәле бар деген усы екен-дә!

**Кийик** -Адамларымызға айлық таўып берип, кәрхананы аяққа турғызыўмыз керек, Жипек.

**Жипек** -Қалай турғызасаң?

**Кийик** -Ҳәзирги тәртип бойынша көшпес мулкимизди де, көшетуғын мүлкимизди де мәмлекеттиң ийелигинен шығарып аламызда ким зыят саўдасына шығарамыз, аукционға. Соннан аўысқан ақшаларды адамларға үлестиремиз.

**Жипек** -Сонда немиз бар сататуғын?

**Кийик** -Кеңсени сатамыз, сонша 2 этажлы жайдың не кереги бар?

**Жипек** -Өзлеримиз қайда отырамыз, сонда?

**Кийик** -Қараўылхананы кеңсе етип аламыз.

**Жипек** -Қараўылхананы? Әдира қалсын, қараўыл қаяқта болады?

**Кийик** -Ҳәммесин сатып жиберсек, қараўылдың не кереги бар? Сен ҳәм секретарша, ҳәм қараўыл боласаң.

**Жипек** -Мен сонда саған қараўыл боламан ба? Ҳәлегимниң қалғаны. (Жипек шығып кетеди.)

**Кийик** -(даўыслап) Жипек.

**Жипек** -(көринип) Неўе?

**Кийик** - Жаңағы қалған 45 адамның еркеги қанша?

**Жипек** -Не қылайын деп едиң?

**Кийик** -Жоқарыдан сорап атырғой.

**Жипек** -Ҳаялы да керек пе?

**Кийик** -Керек болғанда қандай.

**Жипек** -Ярымы еркек болса керек-аў.

**Кийик** -Солардың ишинде мен де барман ба?

**Жипек** -Баслықсан-ғой, қәлеген жағына қосылыўға ҳақың бар. Еркеклер тәрепинде боласаңба я..?

**Кийик** -Мениң еркек екеним түримнен билинип турған жоқ па?

**Жипек** -Ҳәзир түрден айырыў қыйын. Қой мен қасларымды бояўым керек.

**Кийик** -Мына қыз маған еркекписең ҳаялмысаң дедиме? Рас-ай өзимде ким екенимди умытып баратырғандайман. Мынаў жалпақ жердиң үстинде 31 жылдан бери жасап киятырман. Кеўлимдегидей бирде қызды ушыратпадым. Кеўлимниң сағынышын шығарып жүрегимдеги дебдиўимди басатуғын бирде қыздың дийдарын көрмедим. Яр дийдары дейди, қайда сол ондай дийдар? Қайда сол күндей сақыпжамал? Қайда сол шолпандай кулген қарамық көзлер.

**Музыка.**

Талай бәҳәр өтти талай жаз өтти,
Арқадан қублаға қуба ғаз өтти.
Жаслығыма тағдир тикти ғәзепти,
Қайлардасаң яр дийдары, қайдасаң.

Саған ашықлығым болды ғайбана,
Бүлбиллер налынды қонып айнама.
Тағдийрим жолымды енди байлама,
Қайлардасаң яр дийдары, қайдасаң.

Бәлким бир бәҳәрде гүлдей ашылды,
Гәўхар көзлеринен моншақ шашылды.
Тағдийрим тигилме енди ашыўлы,
Қайлардасаң яр дийдары, қайдасаң.

(Қосық айтып болғаннан кейин, Мақпал келеди.)

**Мақпал** -Мүмкинбе?

**Кийик** -Ҳаў келиңиз, мәрҳамат отырыңыз.

**Мақпал** -Рахмет саў болыңыз. Сен мени танымайтуғын шығарсаң?

**Кийик** -Тап солайрақпа деймен, танымайтуғындайман ба, қалай-қалай? Аўа танымайтуғын қусайман.

**Мақпал** -Қусайман емес, танымайсаң.

**Кийик** -Бир жерде көргендеймен.

**Мақпал** -Қай жерде?

**Кийик** -Енди… жердиң үсти кең-ғо. Анық қай жер де екени ядымда жоқ қусаған.

**Мақпал** -Қусаған емес, сен мени көрмедиң мен де сени танымайман. Мине теппе-тең болдық. Буны ничья дейди, ҳәзирги тилде дураң деседе болады, енди арқайын сөйлесемиз.

**Кийик** -Кеширерсиз мениң сөзге таярлығым жоқ.

**Мақпал** -Таярлық. Сен не үлкен бир жыйналыста шығып сөйлейин деп атырсаң ба? (күледи). Өзим үйретемен қәйтип сөйлеўди. Тек тилиң ойланса болды. Мениң атым Мақпал. Мақпал дегенге түсинсеңбе?

**Кийик** -Мақпал деген таўар ғой, қалың таўар шиймақпалма я ғыжымба?

**Мақпал** -Көринип турған жоқпа, ғыжымман. Жумсақ ғана… Ал өзиңниң атың ким?

**Кийик** -Әй атым… аттан жаратпаған мени. Базда, атымды айтыўға өзимде уяламан. Кийикбай!

**Мақпал** -Ешкибай дегеннен тәўир ғой. (күледи)

**Кийик** -Әкемниң аты Мергенбай. Шамасы мен туўылған күни шикардан б кийик атып әкелген болса керек.

**Мақпал** -Онда атаңның аты да сол аңшылыққа байланыслы емеспе?

**Кийик** -Ўәлий екенсиз дәл таптыңыз. Атамның аты Мылтықбай. Мен усы кәрхананың баслығыман. Бир ўақытлары хожалық есабындағы комбинат болған. Көп машынлары бар екен. Соң Ассоциация дейме, акционерлик жәмийет дейме, шығарған өнимлеринен гөре атамасы көп. Усы затынан аты көп мекемениң баслығыман. Кийик десеңизде кеўлиме келмейди. Кийикбай

Мергенбаевич Мылтықбаев деп шубыртып айтып отырыўдың кереги жоқ. Ондай ҳүрметти жақтырмайман.

**Мақпал** -Қызық екен жумыслар аўыр емес пе? Қабыллаўханадағы қыз текең қасларын бояп отыр екен. Соған қарап сизлерде жумыс жеңилме деп ойлап қалдым-аў.

**Кийик** -Сиз боямайсыз ба?

**Мақпал** -Мениң өз бояўым өзимде. Сулыў емеспен бе? Сулыў болмасамда боянып сулыў болғым келмейди. Мен боянсам сықылым қашып кетеди.

**Кийик** -Мен боялған менен боялмағанның парқын айыра алмайман. Сиз шынында да сулыў екенсиз.

**Мақпал** -Екенсиз емес сулыўсаң де. Сулыўсаң гөззалсаң де оның менен жүрегим жарылып кетпейди. Сениң жасың нешеде?

**Кийик** -Отыздан өттим ғой

**Мақпал** -Ҳаў меннен уш  жас үлкен екенсең ғой. Инишек шығар деп отырсам. Неше балаң бар?

**Кийик** -Мен де бала не жесин!

**Мақпал** -Ҳе аманлықпа?

**Кийик** -Бала болыў ушын әўел үйленип алыў керек емеспе?

**Мақпал** -Усы ўақытқа шекем қайсы планетада қаңғырып жүрсең, шырағым-аў. Кеширерсең қатар болған соң сенлеп сөйлесе беремен.

**Кийик** -Мен.. мен сиз деўге үйренип кеткенмен-дә. Ҳәттеки үрип турған ийткеде үрмеңиз деймен.

**Мақпал** -Адамға да онша тик қарайбермейди екенсең. Жетим өскен баладай.

**Кийик** -Адамғай қарайман-аў. Ал, ҳаял-қызлардың көзине тик қараўға тартына беремен. Кирпиклери тап журегиме шаншылып атырған шанышқыдай тәсир етеди.

**Мақпал** -Солайде. Онда үйлене алмай жүргениңниң себеби де усыннан ғой.

**Кийик** -Қәйдем. Нашарлар менен қол алысып сәлемлессемде тула денениме ток урғандай дирр етип кетемен.

**Мақпал** -Монтерлардың резинка қол қабын кийип сәлемлесиўиң керек. Ата-анаң барма?

**Кийик** -Мени таслап кетти-ғой бийшаралар, жайы жәннетте болсын.

**Мақпал** -Үйиңде басқа кимиң бар?

**Кийик** -Жалғыз басым.

**Мақпал** -Саған жәрдем берейинбе?

**Кийик** -Жәрдемиңниң кереги жоқ. Дүньям басымнан асып атыр.

**Мақпал** -Ақшадан емес басқадан.

**Мақпал**

**Музыка.**

Бостандағы пыған жарған гүл едим,
Ҳеш селтеңге алаң болмай жур едим,
Сен кориндиң көзиме,
Жақын тарттың өзиңе,
Енди қанасына сыймас журегим.

**Кийик**

Журегимниң жырларын
Тек те саған жыйнадым.
Көриндиң де көзиме
Яр дийдарын сыйладың.
Енди мына жай түўе,
Кең жаханға сыймадым.

**Екеўи**

Елпилдеген самал едим бәҳәрде,
Билмеймен жол жетти қайсы мәҳәлге.
Айтшы, жаным, сулыўлап,
Мухаббат деп сыбырлап,
Сени ойлап оянайын сәҳәрде…

**Кийик** -Сизге не болды Мақпал? (телефон шыңғырлайды) –Алло, Мылтықбаев тыңлайды. Ҳаў жаўып таслады-ғо.

**Мақпал** -Мылтықбаев тыңлайды дегенге қорқып кеткен шығар. Бизде Қоянбаевларда көп.

**Кийик** Ал бизде болса жумыс басабас.

**Мақпал** Жумысты койып турайық.

**Музыка Дуэт**

**Мақпал**

Журегинди тыңлайман,
Тутастырған сымдайман.
Сен тәрепке,
сен тәрепке
Аўатуғын ыңғайман.
Мен нәзикпен,
Мен нәзикпен,
Ийилемен, сынбайман.

**Кийик**

Дарья ағар арамызда,
Биз де толқып ағамыз ба?
Сен таўымсаң бәленттеги,
Мен бағыңман даламызда.

Жулдыз болып аспаныңды сорайман.

**Екеўи**

Журегиңди тыңлайман,
Жүрегиңди тыңлайман.
Сениң ушын енди мен
Мәңги сонбес нурдайман.

**ПЕРДЕ**

**ЕКИНШИ КАРТИНА**

(Макпалдын уйи. Жазғы отыратуғын орын. Әкеси Шамурат, ақ муртлы киси. Ол креслода газета оқып отыр. Анасы Айжан, үстинде халат. Ол диванда китап оқып жатыр. Олардың саўатлы адамлар екени билинип турады. Тынышлықты Шамурат бузады.)

**Шамурат** -Усы газеталарда сол баягы кәлиптен шыгалмай атыр.Мына кара Шыбыклы ауылынан дукан ашылды деп макала жазыпты. Хазир 21-асирде жасап атырмыз.Бундай хабарларды откен асирдин 30-шы жыллары жазса катып кетер еди.Гилен майда-шуйде хабарларды басабереди тууе. Асхана ашылды, шаштарезхана ашылды, қассап хана ашылды, дәрихана ашылды.

**Айжан** -Ашылса-ашыла берсин. Саған не аўыр жеңили бар, қолыңнан келсе жаўып қайт.

**Шамурат** -Гәп ашып жапқанда емес, Айжан кемпир. Ҳәзир базар қатнасықлары бизнес ис билерменлер, фермерлер жеке меншикти раўажландырыў, қулласы алған бағдарымызды жырлайтуғын, халықтың кеўлинде жүрген мәселелерди қозғайтуғын алдыңғы тәжирейбелерди жәриялайтуғын, жаңа турмыс тәризин түсиндиретуғын мақалалар жазылыўы керек ғой. Ҳәзир демократиялық жәмийет қурып атырмыз. Ҳәммесин ашық айдын айтатуғын сөз еркинлигин алдық. Ҳаў газеталарымызға адам жазылмайды деп жылайды, ким жазылсын? Тең жарпысы өтирик мақтаў, майда-шуйде хабарлар, реклама.

**Айжан** -Қоя ғойшы ғарры. Жақсы китап оқып атыр едим. Алжастырыпта жибердиң.

**Шамурат** -Яқшы, қойдық-қойдық. Әй, кемпир қызыңа түсиндирсең-о, жумыс-жумыс деп ғарры қыз атанып отырып қалды-ғо. Изиндеги жалғыз инисиниң жолына ғай болды-ғо.

**Айжан** -Инисине қашшан рухсат берип қойыпты-ғо. Қәтержам бола бер. Сол баламызды үйлендириўдиң ғамына кирисейик.

**Шамурат** -Мейли баланы үйлендирип биз де қатары бир той берейик, келин

жумсайық. Қәпелимде баламыздың сақалы ағарып кетер.

**Айжан** -Қуда-қәлесе той беремиз. Адамлар тушкирсе садақа, мыйық тартса той берип атыр ғой.

**Шамурат** -Күнде той берип жургенлер тойып секирип жургенлер-ғой.

**Айжан** -Тойдың ирети болар, азымаз сабыр етейик. Қызымызда ақылсыз емес ғой, бир ойлағаны бар шығар. Ҳәзир жумыслары баса бас шығар. Бизнес дегенде аңсат емес қусайды-аў.

**Шамурат** -Бизиң халықта түсинбейди-аў. Базар экономикасына қашан өтип боламыз деп асығады, түўе. Оларға салсаң, ҳәммеси бир күнниң ишинде пите ғойса. Қолларын жыллы суўға малып, май кекирип отырса! Оқымайды. Билмейди. Үйренбейди.

(қоңсы ҳаял Қанигел киреди.)

**Қанигул** -Сәлем бердик! (даўыслайды, екеўи менен де қол алысып сәлемлеседи.)

**Айжан** -Аман-саў журсең бе, Қанигул! Үй-ишлериң саў ма?

**Шамурат** -Аман-есен бе, келин?

**Қанигул** -Шукир, шукир! (отырады)

**Айжан** -Пай, Қанигул, келгениң жақсы болды. Мына ғарры мийимди тести ғой.

**Қанигул** -Ҳе, аманлық па, шеше?

**Айжан** -Әй, тыңлағандай қулақ болса, буның сайрайтуғын әдети бар ғой. (Олар күлиседи.)

**Шамурат** -Сайрайтуғын бүлбил қулағына қарамайды.

**Айжан** -Бүлбил түсип қалыпты саған! Зоңғарға болсаң-әм… (күлиседи)

**Қанигул** -Қой, шеше, қайнағаны зоңғарғаға теңеме! Үркитип алсаң, басқа жақларға ушып кетер.

**Айжан** -Ғарғалар еки жуз жыл жасайды дейди ғой. Соған шекем қайтып та келер.

**Шамурат** -Келин, Өтемурат не қылып атыр?

**Айжан** -Кредит алатуғын едим деп уш куннен берли банкке қатнап жур. Мал алажақ, жер алажақ, фермер болажақ.

**Шамурат** -Дурыс ислепти. Қалада отыра берип не қылады? Ҳәзир жер де, мал да нағыз ийелерин таўып атыр. Тек еки-уш жыллықтағы суўсызлық көп адамның қолын суўытты. Журт басшымыз халық жақсы жасасын, ҳеш халықтан кем болмағанбыз, болмаймыз да деп атыр. Ҳәммемиз де соның изине ерип, қоллап-қуўатлаўымыз керек. Енди ғәрезсиз адамсаң, исле! Жер алып дийханшылық ет. Мал бақ. Киши кәрхана аш! Өним бер, ол саған байлық келтиреди. Қолың узайып баратырса, көп тармақлы кәрханаға айландыр! Бирақ, қылаплық ислеме, халықты алдама.

**Айжан** -Маңлайымыз қурып қалған екен! Әй, бул ғаррыны қызға айтпасам, бир жумысқа байлап қой деп.

**Қәнигул** -Қайнаға еле қарыўлы ғой.

**Шамурат** -Әй, келин, жөниңе отыр. Қарыўлы дей берсең, мына шешең

азабымды береди.

**Қанигул** -Қойдық, қайнаға. Ендиги жағында өзиңди өзиң алып жургендей қарыўың болса, соның өзи үлкен несийбе ғой. Сениң жары жасыңдағы бизиң үйдегиде аспанға атлығып турған жоқ!

**Айжан** -Қапылтпаш келин! (Күледи) Балашылық етип жүрген шығар?

**Қәнигүл** -Қырыққа шыққанша балашылық бола береме?

**Шамурат** -Оның әкеси Төремурат аға нашарлар менен сазы жоқ адам еди.

**Қәнигүл** -Ҳаў, оны қояйық, меннен жол болсын сораң.

**Айжан** -Аманлық па?

**Қәнигүл** -Қызым келип еди ғой.

**Айжан** -Нөкистеги ме?

**Қәнигүл** -Аўа. Камила. Былтыр контракт деген бәлесин төлеп оқыўға кирип еди ғой. Жылына бираз ақша төлеймиз. Контрактин төлеп един. Енди экзаминге де, басқасына да ақша керек екен ғой.

**Шамурат** -Оған ақшаның не кереги бар?

**Қәнигүл** -Қәйдем? Мектепте жақсы оқыды. Сонда да ҳәзирги оқыўлар басқаша екен. Соған азымаз ақша қарыз сорап келип едим.

**Шамурат** -Кемпир, үйде болса сораганын берип жибер.

**Айжан** -Яқшы.

**Шамурат** -Ҳәзирше усыны алып тур келин. Мақпал келсе айтарман, қайыр сақаўат фондынанда ақша ажратар.

**Қәнигүл** Рахмет қайнаға!

**Шамурат** -Әй, Өтемурат келистире алмайды-аў.

**Айжан** -Нени?

**Шамурат** -Жер алып, фермер болыўды. Бир трактор болмаса, насосы болмаса… Оның үстине , аўылдағы адамлар да сырттан барғанға егип отырған жерин бере ме? Қайдағы бир дәртке аспайтуғын кебир суў шықпайтуғын жерлерди береди.Оны келеге келтиремен дегенши Өтекееңниң сүйеги сипсе болады. Мал сақласаңда бәрибир,егетуғын,мал жаятуғын жер керек.

**Айжан** -Еки-үш азаматы бар ғой. Бир-еки жыл жанын қыйнаса, дүзлесип кетеди ғой.

(Мақпал келеди, жүзинде қуўаныш)

**Айжан** -Келдиң бе қзым?

**Мақпал** -Келдим мама… бир гәпим бар еди… (Әкесине жалтақлайды)

**Айжан** -Не гәп өзи, аманлық па?

**Мақпал** -Аманлық ғой…папа…

**Шамурат** -Неўе, қызым?

**Мақпал** -Айта берейин бе?

**Шамурат** -Ҳаў, усы үйге тийисли гәп болса, айтпай не қыласаң? Әкесиниң өлгенин-әм еситтиреди ғой.

**Мақпал** -Тек мамама айтып қоя қояйын деп едим дә.

**Шамурат** -Мамаңның аўзында сөз тура ма? Бәрибир маған айтады. Сөз түўе, аўзындағы тислери зорға тур. Оны да түнге қарай кесаға

салып қояды. Бир-еки рет пышықтың алып баратырған жеринен алып қалдым. (күледи).

**Айжан** -Өзиңтики қарық шығар! Мәстан кемпирдикиндей ҳәр жерде бир қазық. (күледи)

**Шамурат** -Тисти қойып, иске көшейик, кемпир.

**Айжан** -Әне, айыбын айтсаң жақпайды буған.

**Шамурат** -Қәне, не гәп таўып келдиң, қызым?

**Мақпал** -Мен оны таптым!

**Шамурат** -Нени?

**Айжан** -Бир нәрсе жойтып па едиң?

**Мақпал** -Аўа…өмир бойы излеп жүргенимди таптым. Өзимди де, сизлерди де сарсан етип жүрген ең ардақлы нәрсемди-азаматымды тапқандай болдым.

**Музыка**

Алыс екен гуз куним,
Тагдир берди дизгинин,
Ушырастық биз бугин,
Бахыт болғай тапқаным.

Бир қарасаң сумелек,
Бир қарасаң гүңелек,
Бир қарасаң гүбелек,
Болар мениң ақ таңым.

Көкиреги кең дүнья,
Яр дийдары ем дүнья,
Адамзатқа тең дүнья,
Миндик үмит атларын.

**Мақпал** -Бирақ, бир жери бар-дә, мама.

**Айжан** -Не бир жери?

**Мақпал** -Дым уяң жигит, ийи бос, жуўас…

**Айжан** -Жуўас қашаған қыйлынан болмасын.

**Шамурат** -Мәдениятлы адамлар сондай болады ғой, қызым.

**Мақпал** -Мениң ҳақыйқатлықты айта беретуғын бир жаман әдетим бар-дә, папа. Күйеўиме бийлик еткениди жақтырмайман. Шаңарақта еркек адам үстемлик етсин, бирақ, өз жөни менен. Мен «ерим-пирим» деген принципте жасаўым керек. Мың айтқанда да, қатынның аты қатын емес пе, мама?

**Айжан** -Аўа, жаным, «қатын ғайратланып қазан қайнатпас» деп бурынғылар айтып кеткен. Еркекти ҳүрмет етиў керек.

**Мақпал** -Яқ, мама. Ҳүрмет басқа бағыныў басқа. Баяғыда биринши фирмамды ашқанда қуўанып едим. Енди сол абырай-атағымнан

| | |
|---|---|
| | базда уялып та кетемен. «Мақпал» супер-маркет дуканы, «Мақпал» миллий кийим-кеншек кәрханасы, «Мақпал» АЗСы, «Мақпал» кафеси, «Мақпал» кондитер цехы. Қаламыздың ишин «Мақпал» қаплап кетти. |
| **Айжан** | -Ҳаў, жаным-аў, булардың ҳәммеси де өзиңниң мийнетиңниң арқасында пайда болған нәрселер ғой. Қанша адамға жумыс таўып берип қойыпсаң. Заман ерк берип қойыпты, «талаплыға нур жаўар» деген усы. Ендигиден былай тапқан жигитине жаңағылардың атларының жарым жартысын өзгертерсең. |
| **Шамурат** | Коспа кэрхана ашсан, шет ел фирмаларынын да атларын косыу керек. Хэзир хэмме жерде сондай. |
| **Айжан** | -Жанагы болажак куйеу баламыздын аты ким екен? |
| **Макпал** | -Әй, аты карк емес! Кийикбай. Онын атын коссан адамлар кийиктин гошин сататугын жер ме деп….(куледи) |
| **Шамурат** | Онда жейран деп кой кызым. |
| **Макпал** | Жейран !? О, катып кетти! Автомобиллерди оңлайтуғын киши кәрхана ашажақпан. Соған «Жейран» деп ат қойсам қатып кетеди екен! Кийиктиң атын да Жейран деп өзгертемиз. Уллы болсақ Байрам, қызлы болсақ Сайран! |
| **Айжан** | -Қәнекей, тезирек ақлық көре қойсақ, қызым! |
| **Мақпал** | -Мен оны сизлердиң алдыңыздан өтиўге шақырттым. Ҳәзир келип қалса керек. |
| **Айжан** | -Маңлайым-аў, жаңағы Жейраның ба? Онда оған таўық-паўық сойыў керек-ғо. |
| **Мақпал** | -Оған ондай таўық-паўық сойып ҳәлеклениўдиң кереги жоқ. Ол аса сый-ҳүрметти биле бермейди. |
| **Айжан** | -Не дейди, сорым? Орыс емес пе? |
| **Мақпал** | -Орыс та емес, карис те емес. Алдына не қойсаң да жей береди. Қуры чай менен қайтарсаң да кеўли баяғыдай. |
| **Айжан** | -Қорада қозыда бар-аў, жора-поралары менен келип қалса? |
| **Мақпал** | -Оның жоралары да, душпанлары да жоқ. |
| **Шамурат** | -Ондай да бола ма екен? Ол өзи адам ба я робот па? |
| **Айжан** | -Робот! Енди не, қызымыздың теңи темир адам болып қалдыма? |
| **Мақпал** | -Бирақ, ол инглис тилин жақсы биледи. |
| **Айжан** | -Ол жери жақсы екен, айналайынымның! |
| **Шамурат** | -Тоқта, айланбай тура тур, кемпир. Толық анықлап алайық. |
| **Мақпал** | -Жақсы жери көп, мама! |
| **Шамурат** | -Ден-саўлығы қалай екен, қызым? |
| **Мақпал** | -Аттай! Өмиринше ыңқ етип аўырып дәри ишип көрмеген. Лекин, қандай да бир кемислиги бардай. Маған өзи жалтақлаған адам, төменге қарап сөйлеген адам, оғыры кишипейил адам унай бермейди. Бурын танымайтуғын едим ғой. Кеңсесиниң имаратын арендаға сорап барып едим. Ол сөйлесип отырған кисиге анда- |

санда қарап көбинесе столының үстине қарап сөйлеседи екен.

**Айжан** -Оның саған не зыяны бар? Қаяғына қарап сөйлеседе даўсы шықса болды.

**Мақпал** - Ҳәкимятқа бардым. Ҳәмме жумысларымызды қоллап-қуўатлап атыр. Районымыздың келешеги уллы екен. Елабадтағы сода заводы тек бизиң емес, пүткил Өзбекстанның мақтанышына айланды. Үстиртте қанша ғәзийнемиздиң көзи ашылып атыр. Ақшолақтан атылып, ҳәзирше аўзына қақпақ басып қойған газ кәнимиздиң өзи пүткил Өзбекстанды 50 жыл бойына газлы қылады екен. Аралдың ултанынан шығып атырғанларын, нефтти айтпай-ақ қояйын. Улыўма ис билерменликти қоллап-қуўатлаў, жеке меншиклестириўди тезлетиў, акцияларды баҳалы қағазлар базарын раўажландырыў, банклерден узақ мүддетли аз процентли кредитлер бериў, шет елли магнатлар менен, фермерлер менен шартнамалар дүзисип, инвестицияларын киргизиўмиз керек.

**Айжан** -Қызым, нийетиң жолдасың болсын.

(Есиктиң қоңыраўы шырылдайды)

**Айжан** -Ал, келип қалды!

**ПЕРДЕ**

## УШИНШИ КАРТИНА

Кийикбайдың уйи. Ҳәзирги заман дәскелери менен безелген. Төрдеги дийўалға қағылған гилемниң үстине ата-анасының, өзиниң портретлери қыстырылған. Диван, стол, отырғышлар. Анаў-мынаў сувенирлерге, ыдысларға, чайник-кесаларға толы буфет.

**Мақпал** -(даўысы еситилип турады) Ҳәй, қандай пасманда еркексең-әй! Кешеги аўқат писирген қазаныңды жуўмапсаң ғой? Асхананың иши свалкаға айланыпты. Гилең босап қалған консерва қутыларма-аў, шийшелерме-аў, баклажкаларма-аў! Нәп бәлелер?! Еркек деген шалбарына қыр шығарып, мойнына қарғыдай етип галстук байлап жүре берсе, болғаны ма? (асханадан шығады) Көп ишесең бе деймен?

**Кийикбай** -Алла-жалла! Есимди билгели еки рет-ақ иштим.

**Мақпал** -Баяғыда бир орыс айтқан екен, арақты өмиримниң ишинде бир-ақ иштим, қалған жағында бас жазыў менен киятырман деп. Сол айтқандай…

**Кийикбай** -Яқ, мен расын айтып турман. Еки рет иштим, онда да зорлыққа ушырап. Екеўинде де есим аўып қалыпты.

**Мақпал** -Аўып қалатуғын есиң болса, тәўир екен. Ишпегениң жақсы. Қайсы пяңшик арақтан байрақ алып атыр? Қәне, мениң саўалларыма жуўап бер, маған тууры қарап отыр.

**Кийикбай** -Қарай алмайман, қарай алмайман!… Сен лаўлап турған жалынсаң ғой, Мақпал!

МУЗЫКА.

Көз деген болады екен буншалық!
Аржағында биреў шырпы тур шағып.
Сол көзлериң тигилгенде
балқыйман
Тас тобемнен қыздырғандай кун шалып.

Бундай козге қарап болмас тигиле,
Ол найзадай шаншылады тириге.
Сол көзлериң тигилгенде
шумемен
Ақ желқомл қара көлдиң тубине.
Пыт-шыт еткен талай темир тозимди
Қураллар да жеңе алмас көзиңди.
Сол көзлериң тигилгенде
жойтаман
Бул дүньямды,
өмиримди,
өзимди.

**Мақпал** -Қорықпа, қарай бер, көзлеримди жумып сөйлеймен. Бәрибир, оларды жумсам да, ашсам да сени, тек сени көре беремен. Неликтен екенин өзим де билмей баратырман. Ынжық болма өйтип, жай-парахат сөйлесип отырайық. Досларың бар ма?

**Кийикбай** -Ҳәммеси досларым.

**Мақпал** -Мүмкин емес! Солардың ҳәммеси үйиңе келип тура ма?

**Кийикбай** -Жоқ, ҳеш биреўи де келмейди. Мен ишпейтуғын болған соң жақтырмайтуғын шығар.

**Мақпал** -Душпанларың ше?

**Кийикбай** -Жоқ.

**Мақпал** -Жоқ емес! Сениң досларың жоқ, душпанларың көп!

**Кийикбай** -Нағылған душпан! Ерси сөзди айтады екенсиз.

**Мақпал** -Мына қара: дүньяда бир досты я бир душпаны жоқ адам ол қара жерге шаншып қойылған қуў сырық емес пе? Биреўге жақсылық етсең дос табасаң, душпанда артыррасаң. Жақсылығыңды қызғанып биреўлер жаманлық ойлайды. Демек, жаманлық етиў тек душпанның қолынан келеди. Соның парқын айырыў керек.

Айырмасаң жақсы менен жаманды-
Билмегениң ҳадал менен ҳарамды.
Адамлардан ҳайўан шығып қалса да,
Ҳайўанлардан ала алмайсаң адамды.

Усылардың ҳәммесин де адамдағы сулыў әрманлар жеңип шығады. Әрманларымыздан айрылмайық, жаным…

МУЗЫКА.

Әрман деген бир баста мыңсан,
Ҳеш әрмансыз жасамас инсан.
Әрман қайта жапырақ жаяр,
Қәпелимде шақадан сынсаң.

Мейли, аман келсин ай барып,
Әрман болар сәл-пәл айралық.
Оқпан излер ағыўға әрман,
Сағасынан қалса байланып.

Бул дүньяның жүрегин жарған-
Адам уллы теңизден, таўдан.
Қанатынан қайрылса да,
Пәрўазынан айрылмас әрман…

**Кийикбай** -Мен өмиримди тек ғана тыныш жасап өтиў деп түсиндим. Биреўдиң кеўлин қабартпадым. Ырыл-тырыл гүйбең ҳәрекет пенен жаслығым да өтип кетипти.Бир қалада жасап, бир суўдан ишип, бир ҳаўадан жутып жүрсек те мен неге сени ертерек ушыратпадым Мақпал? Енди сол дәртлеримниө даўасы, шадлығымның намасы өзиң бол, Мақпал.

МУЗЫКА.

Сен жаңа дүньямсаң, жаңа өмирим,
Шийрин жемисим бол, тийген ериним.
Жаңа бағы қарақалпақ жериниң,
Жаслығымды қайта әкелдиң маған.

Сен жаңа қыялым коклерге ушқан,
Сенсиз айрыларман ақылдан, ҳуўыштан.
Алдымда келешек жолларын ашқан,
Жаслығымды қайта әкелдиң маған.

Сенсиз қалай өтти сонша жылларым,
Сенсиз таба алмадым өмир ығбалын.
Жүзлериме шашып бахыт нурларын,
Жаслығымды қайта әкелдиң маған.

**Мақпал** -Еле жаслығың толық қайтпай атыр саған. Бирақ, биз ол дәўирдиң қайтып келиўин күтип отырмаймыз.Ғәрезсизлик гүзарына түскен халқымыздың арбасынан арысын кимлер алға тартыўы керек, иркилгенде кимлер гупшеклесиўи керек. Сондай уллы ўазыйпа бизлердиң күш-ғайратымызға, жигермизге ынтығып турған жоқ па? Жақсы нийет ушын атланған тулпарымыздың дойнақларын жаманлықтың қара таслары сүрниктириўи, қағыўы мүмкин. Кең дүньяға сыйысып жасап киятырған қызғаншақлық, ишмерезлик, иштарлық, ишкирнелик еле де ағла қәсийетлерге, айдын мақсетлерге душпанлық ете береди. Бул жаратылыс заңы, қарама-қарсылықсыз раўажланыў болмайды. Талас-тартыслардан ҳақыйқатлық туўылады.

**Кийик** -Мен жаңа түсинип киятырман Мақпал!

**Мақпал** -Сен өзи қалай баслық болдың, Кийик?

**Кийик** -Мен инглис тили бойынша қәниге едим. Компьютерди де жақсы меңгерип алғанман. Аўа, Университетте муғаллим де болдым. Бизиң ғарры өмиринше ҳәмелдар болып көрмеген соң жалғыз баласының баслық болғанын көргиси келе берди. Әкемниң иниси Нөкисте бир министрликте абырайлы хызметкер еди. Соның себебинен ғой усы бөлеге жолыққаным. Халыққа керексиз өнимлерди шығарып-шығарып, кәрханамыз галошқа отырып қалды. Енди шийки зат та жоқ.

**Мақпал** -Дурыс болмапты. Сонша билимиңди айтса тат басып атырған. (сумкасындағы телефон шыңғырлайды. Телефонын алып сөйлеседи.)

-Ало, аманлық па, Гоззал? Ҳмм, поезд келди ме? Жүклерди түсирип, складқа жайластырып қоя бериңлер. Мен… (күледи) жаслық бағын аралап жүрмен. Мазалы, шийрин мийўелерден бир себетин алып бараман. Бир саатлардан кейин. (телефонын сумкасына салып қояды).

Мениң жәрдемши қызларым ғой. Ўай-бўу, чайды умытып кетиппиз ғой!. Қайнап-қайнап, қурып қалған шығар. (жуўырыўы менен асханаға кирип кетеди.)

**ПЕРДЕ**

## ТӨРТИНШИ КАРТИНА

Кийикбайдың кабинети. Иши бос турыпты. Телефон шыңғырлайды. Жипек кирип, трубканы көтереди.

**Мақпал** -Ало, аўа. Жоқ ғой. Түске шекем бир жыйналысқа кетип еди, келсе айтаман. Ким? Нурназаров? Яқшы. (Трубканы қойып қағазға туртип алады. Мурнын жыйырып Кийикбайдың орнында отырады.) Басқа баслықлар телефонын секретары менен тутастырып-ақ қояды. Буған айтсаң, аппараты жоқ-емиш. Ҳәй, аппаратынан биротала айрылып қалғыр! (Телефонды таўлайды)
Ало, Меруерт ана кунги заказлар келдиме? Келген болса әкелип тасла. Өзим сатып беремен. Неше сом? Қойш-әй, арзанырақ берсе, қатын сениң. Яқшы онда өзим кеште бараман. (Телефонды жаўады) Әне бул да питти.

МУЗЫКА.

Мен бир қызбан,
бир қызбан,
Кимге айман, жулдызбан.
Нәўбәҳәрдиң гүлимен,
Кок аспанның күнимен!
Мен гоззалман,
мен қызбан!

Ҳәмме маған көз салған,
Ҳәмме маған сөз салған,
Аты шыққан гөззалман.
Тереңдеги қундызбан,
Бәленттеги жулдызбан!
Мен соныңдай бир қызбан…

(Кабинетке Кийикбай кирип келеди, есик беттен оған қарап турады.)

**Кийикбай** -Ҳее, орын алмастық па?

**Жипек** -(ушып турады) Әй, телефон шырылдап…Сени Нурназаров деген сорап еди, түске шекем жыйналысқа кетти дедим.

**Кийик** -Дурыс болған. (орнына турады) Жыйнақ ҳәзир тарқады. Басқа не хабар?

**Жипек** -Хабар көп… Сапласатуғын қусаймыз.

**Кийикбай** -Оған қыйналма. Мәкеме сапласқан менен екеўмизди сапластыра алмайды ғой. Қайтама, меншиклестирип аламыз. Жумысты нольден баслаймыз. Банкрот болған менен қайта тирилетуғын түримиз бар. Тағы не гәп бар?

**Жипек** -Азанғы саат онда хожалық судына шақырық келди. Биреўлер келип токтың сымларын қыйып кетти. Ертеңнен баслап телефонды өширемиз деп атыр. Суўлар ақпай қалды.

**Кийикбай** -Бунның бәри ўақытшы, жақында аяққа турамыз. Мақпал менен биргеликте усы кәрхананы көп тармақлы фирмаға айландырыўға келистик.

**Жипек** -Мақпал..Мақпал… күни менен сени сорап телефонды тындырмады-аў. Не бәле сваркеленип қалмадыңыз ба?

**Кийикбай** -Ҳаў Жипек саған не болды?

**Жипек** -Маған емес, саған не болды? Сонша жылдан берли қасында болып, нәзериңе түсе алмай ҳәлектемен. Ал, сен болсаң қайдағы бир Мақпал менен танысып, мениң ықласымды аяқ асты еттиң.

**Кийикбай** -Ҳаў-ҳаў, сен анандай емессең бе?

**Жипек** -Не анандай, не?

**Кийикбай** -Жигитиң жоқпа дегеним?

**Жипек** -Дурыс бар еди. Лекин оның көзимнен таса болғанына бес жыл болды. Мен оны куте-куте шаршадым. Мениң де суйгим, суйилгим келеди. Мениң де хожалық болып бала суйгим келеди.

**Кийикбай** -Жипек сабыр ет.

**Жипек** -Жетер. Сен сол ғарры қызды не қыласаң, суйеги қатып кеткен оның.

**Кийикбай** -Суйеги қатып кеткенде не, кемирейин деп атырман ба?

**Жипек** -Нашар баланың суйеги қатып кетсе туўыўы қыйын болады ямаса туўмайды. Саған бала керек емес пе?

**Кийикбай** - Керек ғой. Қанша болса да, яқ демеймен.

**Жипек** -Туўғанда да ғарры төл туўады. Баланы өзим туўып беремен саған.

**Кийикбай** -Қой Мақпалдың кеўлин қабарталмайман. Бурын айтсаң болады-ғо. Енди ўәделесип қойғанбыз, оны қалай бузаман.

**Жипек** -Ўәде-түўе адамның тумсығыда бузылады. Еки бастан кәрханаң жабылады. Жумыстан қутыласаң. Сонша жайда бир өзиң не қыласаң. Сатып жиберейик. Нөкистен жай алайық. Сен инглис тилинен муғаллим боласаң, мен оқыўға киремен. Сен излеген яр дийдары Мақпал емес, алдында турған Жипек. Суўылдап көкирегиңдеги самалды тартып турған Жипекпен ғой. Мақпал менен Жипектиң парқына баратуғын ўақтың боды ғо Кийик.

**Кийикбай** -Жипек мен сени қарындасымдай жақсы көремен. Бундай ойды қаяқтан таптың. Я мен сени үмитлендиргендей бир нәрсе қылдымба?

**Жипек** -Кийик мени кешир.

**Кийикбай** -Кеширгендей ҳеш нәрсе болмады. Жипек, Жипек мына қызға не болған-ай. (Жипек шығып кетеди.)

Оҳ муҳаббат, сен не деген қудиретлисең. Мени де делбе қылған сениң усы мухаббатың ғой, Мақпал. Уҳ, журегим бунша алып ушып баратырғаны неси екен-ай. Қолым иске баражақ емес. Бийтаныс бир лаззетли сезимлер көкирегиме сыймай баратыр.

**МУЗЫКА**

Усы ма мухаббат журегимди куйдирген,
Усы ма мухаббат яр дийдарын суйдирген,

Усы ма мухаббат басгенемди ийдирген,
Бурын ашық болғанлар,
Мени өзлериң қоллаңлар!

Усы ма мухаббат питпейтуғын азабы,
Усы ма мухаббат сағынышы мазалы,
Усы ма мухаббат тарқамаған базары,
Бурын оны коргенлер,
мен ғәрипке жәрдем бер!

(Мақпал кирип келеди.)

**Мақпал** -Кийик Жипек неге жылап баратыр.

**Кийикбай** -Мақпал гүманланба? Бул сен ойлаған нәрсе емес. Ҳәзир саған түсиндиремен.

**Мақпал** -Яқ, әлле қашан түсиндим. Яқ араңызда бир нәрсе болған

**Кийикбай** -Яқ қәтелесесең. Ендиги өмирим өзиңсең Мақпал.

**Мақпал** -Яқ мен саған исенбеймен. Сен шынлықты айтыўдан қорқасаң.

**Кийикбай** -Мақпал, Жипек пенен ортамызда гуманланғандай ҳеш нәрсе жоқ. Мен оны қарындасымдай көремен. Мен тек сени суйемен жаным.

**Мақпал** -Яқ, мен сениң жаның емеспен. Енди сен мениң көзиме күйик боласаң. Сени бийкарға жақсы көрген екенмен.

**Кийикбай** -Кетпе жаным!

**Мақпал** -Жибер сени көргим келмейди.

**Кийикбай** -Мақпал, Мақпал.. Қолым жаңа жеткенде мени сергизданлыққа салып жалғыз таслап кетпе жаным.

**ПЕРДЕ**

## БЕСИНШИ КАРТИНА

Мақпалдың уйи.

**Арыслан** -Ассалаўма әлейкум, Шамурат аға, Айжан апа! (Олар қол алысады.)

**Шамурат** -Ҳаў, шырағым сен Арысланбысаң?

**Арыслан** -Сол Арысланман.

**Шамурат** -Аман-саў келдиң бе, балам?

**Арыслан** -Көрип турып сорағанды қойса, отағасы.

**Айжан** -Ҳаў, енди сораспай ма? Гаптиң салты…

**Арыслан** -Ойнап айтып атырман. Аман келдим. Өзлериң де төрт көз туўел отырсыз ба? Нәҳән кемпир-ғарры болдыңыз ба?

**Шамурат** -Көрип турып сорағаныды қойса, бала! (олар кулиседи)

**Арыслан** -Мақпал, улкен қыз болдың ба?

**Мақпал** -Яқ, еле бақшаға қатнап журмен! (олар тағы кулиседи)

**Арыслан** -Қатнай бер, сол жерден пенсияға шығарсаң-дә! (кулиседи) Я бақшаға балларың менен бирге қатнап журсең бе?

**Айжан** -Қойш, бала, Мақпал еле уйден шыққан жоқ.

**Арыслан** -Жақсы екен. Ал, мен уйден шығып келдим. Жаслығымның гурлеп турған жылларын қурбанлыққа шалдым. Кеше келип қаланы араладым. Бугин мектепте бирге оқыған жигит-қызларды излеўге шықтым. (Ол дастурхан устиндегилерден ишип жей баслайды) Мениң бахтыма президентимиздиң амнистиясы шықты. Бес жылда қайтып келдим. Болмаса, еле де журиңкирейтуғын едим. Қаладағы көп жайлардың маңлайына Мақпал деп жазып қойыпты. Мақпал сататуғын жер ме деп басымды суқсам, кафе-сафе ме.. Сол ызғыған Мақпалдың бәри сен бе?

**Мақпал** -Аўа, мен…

**Арыслан** -Молодец! Мен де ҳәзирги ислерге қызығаман. Азатлыққа шықсам, көп нәрсени ислеймен деп, ол жақта уйрендим, оқыдым, саўатым ашылып қалды. Зан-закунди суўдай ишип алдым. Енди, қуда қәлесе, бәрин иске асыраман. Мақпал жигитиң бар ма?

**Шамурат** -Аўа, Мақпалды узатамыз деп отырмыз.

**Арыслан** -Ҳаў, тойдың үстине келген екенмен ғой. Кимге?

**Шамурат** -Бизлер де билмеймиз. Мақпалдың өзиниң тапқаны.

**Арыслан** -«Ғарры қыз бай таңлағыш» дейтуғын еди, өзи тапқан болса, жигитлердиң сейдини шығар? Бул дөгеректе ондай бойдақ жигитлер қалды ма екен, бала? Мендей бирең-сараны қалған болмаса…

**Мақпал** -(кулип жибереди) Сонда сен жигитлердиң сейдинисең бе? Бойдақлардың маңлайысаң ба?

**Арыслан** -Мен қара маңлайыман! Енди сол маңлайды ағартыўым керек.

**Шамурат** -Қой, олай деме, балам, турмеге қамалып атырған жалғыз сен бе?

**Айжан** -Сәл жерде жаладан кетип қалдың-аў, балам.

**Шамурат** -Қәйдем, ҳәр ким ҳәр нәрсе айтады.

**Арыслан** -Яқ, жала емес, ақ көкирекшиликтен кеттим. «Ақ көкиректиң аты озбайды, тоны тозбайды» дегендей… Ақ көкирекшиликтиң өзи ақмақшылық дегени рас екен. «Атаңа да исенбе» деген рас гәп екен. Енди гөне патлақты қозғадыңлар. Енди гөне патлақты қозғадыңлар, айтып берейин бастан. Усы ўаққа шекем тисимнен шығармап едим… Әй, Мақпал бир шийше әкел. Мениң келиўимниң ҳүрметине.

**Шамурат** -Сениң басыңды жутқан усы бәле емес пе?

**Айжан** -Қойса, ғарры, басыңды жутқаның не, басы орнында ғой.

**Арыслан** -Шамурат аға дурыс айтты. Арақ мени жынаятлы етти. Ерси болса да шынлықты айтайын енди. Ақсақалымның өзи алдап кетти. Уй алдындағы шертектиң астында уйқлап атыр едим, машинаның даўысынан ояндым. Дәрўазаны ашсам, машинаның

қасында ийшаннан қашқан жиллидей берекети қашып ақсақалым тур. Аз-маз арақтың әксери бар, түри өзгерип кеткен. Машыннан бир шийше арақ алдыда, сен зор жигитсең, Арыслан деп, арақты қуйып отырды. Сендей жигитлер дүньяға бир келеди деди. Ауырманлықтың қандай тури болса да сен көтере аласаң деди. Алдымда ол шөгип баратырғандай, мен тауға айланып баратырғандайман. Қулласы, айландырып-айландырып, гәптиң посгеллесин айтты. «Раўшан» нан қайтып киятырып, жолдың бойында турған биреўди қағып кетипти. Иркилместен айдап кеткен. Маған келген бойы екен. Мени қуртпа, аман алып қал, арақ ишип едим, ақсақалдың рухсатысыз айдап кетиппен, есимди билмеймен деп айт. Гәп басылған соң сени шығарып аламан деди. Қәлеген мәкемеңе баслық етемен деди. Мен көкирегиме урып, оған қалқан болатуғынымды айтып қала бердим. Азанда машынды жуўып атырсам, милиция қаплап кетти. Машинаның иши-сыртын тексерди, суўретке алды, арақларды тапты. Мен ишкенимди мойынладым. Жолда турған еки адам екен, түнде кимниң машыны екенин қайдан билсин, биреўи жолдың ортарағына шығып кетсе керек. Қолын көтерип турғанын ғарс еттирип урған, машина суйреп кетти ме… Қасындағы адам машынның номерин көрип қалған. Таң атқанша поселкаға жуўырып барып, милицияға хабар еткен. Ақсақалға берген лебиз бар. Бирақ, маған ақсақалдан гөре арақтың жәрдеми тийди. Арақ ишпегенде қастыяншылық пенен өлтирди деп өмирликке я атыўға кетер едим. Қутқараман деген ақсақалым судыма да қатнаспады.

**Шамурат** -Сол адамлар судқа келе ме? Бала екенсең-аў!

**Арыслан** -Сөйтип, ийнениң ушындай гунасыз қара мышанға минип кете бердим жаман аттың бәрин арқалап. Алла көрип тур ғой, кимниң ким екенлигин. Аман-саў елге табаныс тийсе сол ақсақалымнан өшимди бир қайтарарман деп ант иштим! Келиўден сол кисини изледим. Бағана базарда балық сатып отырғанын көрдим. Айналайын, қудайым-аў, бар екенсең ғой, мениң кегимди қайтарып атыр екенсең ғой, мениң көз жасларым менен оны мантықтырып атырған екенсең ғой, алла жаным-аў! (өкирип жибереди)

**Айжан** -Қой, балам, шукиршилик ет, бул қурақыс аман-саў қайтып келдиң ғой. Кисиге жаманлық еткенлер ғарғысқа ушырап атыр ғой.

**Шамурат** -Кемпир-ғаррың қуўанып қалған екен, бийшаралар.

**Арыслан** -Аўа, келгенимниң ҳүрметине бир ырымын етемиз деп таярлығын көрип атыр.

**Шамурат** -Кемпир, жур онда. Қоңыратбай менен Сапураға қутлы болсын айтайық. Ғарға адым жерде еситпегендей отыра берсек, уят болар. Баллардың өзлери ендиги жағын еплей берер-дә!

**Мақпал** -Бара бериң, бара бериң! Өзим бәрин жайғастыраман ғой.

(Шамурат пенен Айжан шығып кетеди.)

**Арыслан** -Кеше кеште телевизорда сөйлегениңди көрдим. Көп нәрсени ислемекши екенсең, бәри де қолдан келетуғын жақсы нийетлер.

**Мақпал** -Көрсетти ме? Өзим көре алмай қалдым.

**Арыслан** -Бирақ, сен ҳәммесин бирден ислегиң келеди. Оған кушиң, уқыбың, билимиң, қала берсе, ғәрежетиң жете ме? Ҳәзирги кәрханаларыңды беккемлеў керек, пайдалы тараўға айландырыў керек. Бир ақылгөй тап.

**Мақпал** -Сен бол қасымда…

**Арыслан** -Мен не деп боламан? Мен адам өлтиргенмен.

**Мақпал** -Жоқ, бийкар!

**Арыслан** -Ол саған бийкар. Басқалар билмейди ғой, оларға қалай тусиндиремен? Қалай инандыраман? Мен отырып келген адамман ғой. Мен сениң қасыңа ылайық емеспен ғой, Мақпал!

**Мақпал** -Жоқ, сен мен ушын сүттей ақ, нәрестедей пәк адамсаң, Арыслан! Азанда офиске бар, биз енди бирге ислесемиз.

**Арыслан** -Рахмет Мақпал, бараман.

(Арыслан кетеди. Телефон шыңғырлайды.)

**Мақпал** -Ало, Гаўҳар тағы не гәп?

**Даўыс** -Тексериў келип ҳүжжетлерди сорап атыр, не қылайын Мақпал апа?

**Мақпал** -Қаерден?

**Даўыс** -Салық басқармасынан.

**Мақпал** -План бойынша бугин келетуғын куни мекен.

**Даўыс** -Аўа, Мақпал апа.

**Мақпал** -Онда қорықпай барлық ҳүжжетлерди көрсете бер. Ҳеш кемшилиги жоқ.

**Даўыс** -Яқшы.

(Мақпал телефонда тағы таўлайды.)

**Мақпал** -Ало, Ҳакимятпа? Анаў кунги «Жейран» фирмасының ҳүжжетлерин сорайжақ едим. Ҳее, питтиме? Рахмет, саў болың. Яқшы өзим бараман.

(Уйине Кийикбай келеди.)

**Кийикбай** -Мақпал, уйде екенсең ғо. Офисиңе излеп барып едим.

**Мақпал** -Ҳе жайшама?

**Кийикбай** -Сөйлесип алыўмыз керек.

**Мақпал** -Қулағым сенде.

**Кийикбай** -Ҳеш нәрсеге тусинбей гуманланыўың орынсыз Мақпалым. Сонша жолларда сегбир тартып енди тапқанымда, көкирегимнен

ийтерип жападан жалғыз таслама. Муҳаббаттым ҳәсиретке айланбасын. Сен мениң муҳаббатымның кешлетип ушқан қарлығашысаң. Өрте мейли жанайын, сен ушын күйейин. Лекин, кулимди өзиң менен бирге алып кет. Әрманларымыздың бийик шыңларына бирге пәрўаз етейик. Мухаббатымыздың туңғыш қәдеми урыс қағыс пенен басланбасын, Мақпалым!

**ПЕРДЕ**

## АЛТЫНШЫ КАРТИНА

«Жейран» фирмасының офиси. Арыслан келеди.

**Арыслан** -Ассалаўма әлейкум. «Жейран» фиши фирмасының офиси усы ма?

**Жипек** -Кире бериң усы! Кийикбай Мергенбаевич еле келмеди, Мақпал апамда еле жоқ.

**Арыслан** -Жипек!

**Жипек** -Арыслан шықтың ба? Қашан келдиң? Қандай жақсы.

**Арыслан** -Қалайсаң? Усы жерде ислеп атырсаң ба? Хат жазбай қойдың? Турмысқа шықтың ба?

**Жипек** -Яқ, саған усағанын таба алмадым. Соңғы хатыма жуўап келмеди. Умытқан шығар деп…

**Арыслан** -Сени артық куттиргим келмеди. Он жыл кутиўиң қыйын ғо. Сонлықтан саған еркинлик бергим келди.

**Жипек** - Бәри бир сени көр күттим. Дым өзгермепсең, баяғы турсың.

**Арыслан** -Яғ аў, көп өзгердим. Өмирди тусиндим. Еркинликтиң қандай бий баҳа дунья екенин билдим. Сени кунде ойладым. Не қылып атыр, қандай кун корип атыр.

**Жипек** -Мен де сени көп ойладым, аман келгей деп көп тиледим. Мине ақыры келдиң. Өмирде не болмайды. Енди бәрин умыттым, енди қасымда сен барсаң.

**Арыслан** -Демек, ўәдеңде турыпсаң.

**Жипек** -Аўа, өзиң не дейсең?

**Арыслан** -Бахтымызды тағы бир сынап көрейик. Не дейсең?

**Жипек** -Мен разыман, Арысланым!

**МУЗЫКА**

**Жипек**

Жеттик әрманларға биз ынтық болған,
Айралық бизлерди ҳәр жолға салған,
Енди таптық бизлер бахыт гүзарын,
Орынланар ислер биз ойға алған.

**Арыслан**

Сөзликлерден қалсын жынаят түрме,
Беккем боп қуралсын ҳәр бир жас ирге,
Дәуир талабына жуўап бергендей,

Қол усласып хызмет етейик бирге.

**Екеўи** Жетистик биз Ғәрезсизлик заманға,
Еркинлик берилди барлық адамға,
Елимиз, халқымыз тыныш жасасын,
Саўап ис етейик ҳәр бир қәдемде.

(Мақпал кирип келеди.)

**Мақпал** -Кийик! Кийикбай. Ҳаў Арыслан келдиң бе? Жипек бул Арыслан.

**Жипек** -Бизлер таныспыз, Мақпал апа.

**Мақпал** -Солай ма, ҳә белелер. Жипек Арыслан енди биз де ислейди. Оған мерседестиң шоферлығына буйрық таярла.

**Жипек** -Жаным менен. Арыслан сен бара бер. Мен ҳәзир, Мақпал апа. Мен сизиң алдыңызда гунакарман, мени кешириң.

**Мақпал** -Ҳе, неге?

**Жипек** -Мен сиз ҳаққыңызда басқаша пикирлеген едим. Мен Кийикти сизден қызғанып, сиз туўралы болмағыр сөзлерди айттым. Енди мен бахтымды таптым!

**Мақпал** -Жипек сиңлим, сен де мени кешир. Басында сен туўралы басқаша пикирде едим. Мен де Кийикти сеннен қызғандым. Турмыста не болмайды, буның бәри енди өтип кетти.

**Жипек** -Мақпал апа, сиз қандай жақсысыз. Кийикте сизди сондай жақсы көреди. Сиз халық ушын көп хызмет етип атырсыз. Рахмет сизге.

**Мақпал** -Жипек мен сени тусиндим. Еле биргеликте көп жумыслар ислеймиз. Енди бар жаңағы буйрықты таярла.

**Жипек** -Жаным менен, Мақпал апа.

**Кийикбай** -Көп куттирип қойдым ба? Кешир, той көйлегин аламан деп кешигип қалдым. Мине кийип көр?

**Мақпал** -Усындай көйлекти кийгим келмейди. Цехтағы қызларым, тойымызға арнап, екеўмизге де миллий кийим таярлап атыр, соны кийемиз.

**Кийикбай** -Яқшы онда, өзиң бил.

**Мақпал** -Той қалай өтер екен. Көп адам келеме?

**Кийикбай** -Аўа ҳәмме жерге ат жиберемиз.

**Мақпал** -Сен досларың жоқ деп атыр едиң ғой?

**Кийикбай** -Досларым көп екен ғо.

**Мақпал** -Мениң ағайинлеримди де шақырсаң ба?

**Кийикбай** -Аўа, ҳаў енди сен мениң бир қанатымсаң ғой.

**Мақпал** -Екинши қанатың ким?

**Кийикбай** -Екиншиси өзим ғой. Енди бизлер узақ-узақларға ушамыз. Таўлардың басына да қонамыз.

**Мақпал** -Таўлардың басында не қыламыз? Қой ол жер суўық болатуғын шығар. Жаз кунлери де таўлардың басында қар жатады ғой.

**Кийикбай** -Бизлер ушып баратуғын таўлардың басында тек гуллер ғана өседи. Билесең бе, ол таўларға сениң қудиретиң менен жетемиз. Ол таўлар-бизиң бахтымыздың таўлары, мәртебемиздиң таўлары.

**Мақпал** -Жүрегиң ат туяқларының дубирлисиндей ғой. Қуўанып атыр ма? Қорқып атыр ма? Мен деп соғып атыр ма? Усылай етип мәңги соға берсин! Жаным, мәңги, мәңги, мәңги…! Енди жаңа гузарымыз басланады. Биз сол айдын гузар менен кете беремиз, кете беремиз.

**Кийикбай** -Мен сени төбеме көтерип журемен, Мақпал!

**Мақпал** -Зонтиктей етип бе? Кереги жоқ.

**Кийикбай** -Табысымның бәрин сениң қолыңа саламан.

**Мақпал** -Өзиң де тура берсин, кийимге де, ақшаға да қызыға бермеймен.

**Кийик** -Сонда сениң қолыңнан бала туўыўдан басқа келмейме?

**Мақпал** -Келеди. Келип атыр ғой. Ал, сен акционерлик жәмийетти басқара алмадың. Енди биз биргеликте халқымыздың турмыс тәсирин көтериўмиз керек. Көплеген жумыс орынларын ашыўымыз керек. Адамлар жумыссызлықтан Қазақстан, Россия қоймай гезип журмеўи керек. Айлықлар хожалық асыраў ушын толық жететуғын дәрежеде өсирилиўи керек.

**Кийикбай** -Бул айтқанларыңның бәри бирден болатуғын нәрсе емес.

**Мақпал** -Билемен, соның ушын, сен маған жәрдем бересең. Енди ынжықлығыңды натықлығыңды қоясаң. Нәтийжели жумыслар менен шуғылланыўды үйренесең! Бул ислерде өзим сени тәрбиялайман.

**Кийикбай** -Бир мекемени қуртқанша уйренбедим. Ендиги жағында қолымнан келермекен.

**Мақпал** -Келеди. Истиң көзин билиў керек. Өзиңди халық ушын, қалыс арнаў керек. Пал ҳәррелери, уўын өзинде алып қалып, палын адамларға береди. Меҳир, муҳаббатты солардан уйрениў керек.

**Кийикбай** -Мен саған тек палымды инам етемен, Мақпал!

**Мақпал** -Сен қатал адам бол, Кийик. Кеўлим ушын бәрине ләббай дей берме. Ондай еркеклерди жинимнен бетер жек көремен.

**Кийикбай** -Усындай сөзлерди қаяқтан табасаң, Мақпал?

**Мақпал** -Мен усы ўақытқа шекем, өзимниң кеўлимдегидей жигитти таба алмадым. Соның ушын өзимди ис билерменликке бағышлап едим. Енди бугин излегенимди таптым, яғный сени таптым Кийик!

**Кийикбай** -Мениң де ендиги өмирим өзиңсең Мақпал.

**МУЗЫКА** (Дуэт)

**Мақпал**

Дәўлет қустай қондың ба сен, мухаббат,  
Яр дийдары болдың ба сен, мухаббат?  
От пенен суў арасынан жеттиң бе,  
Гә күйип, гә тоңдың ба сен, мухаббат?

**Екеўи**

Гезейин жаслықтың майданын,

Сезейин жулдызлар сайранын,
Келеди бағларда сайрағым,
Сен маған қайтып кел, мухаббат.

**Кийик** Аспандағы пәрўазсаң сен, мухаббат,
Сағынышлы сәрназсаң сен, мухаббат.
Булт пенен нур арасынан жеттиң бе,
Бәҳәрсең сен, гүл жазсаң сен, мухаббат.

**Екеўи** Таңларым атпасын селтеңсиз,
Жасаўға болмайды ертеңсиз.
Тулпарым турмасын ертлеўсиз,
Сен маған қайтып кел муҳаббат.

**Жипек** -Мақпал апа, Ташкенттен факс келди. Кешеги өткерилген «Ташаббус» көригиниң жеңимпазы болыпбыз. Соның жуўмақлаўшы басқышына қатнасыў ушын Сизди Ташкентке шықырыпты.

**Арыслан** -Қутлықлайман, Мақпал.

**Мақпал** -Мениң усындай арзымас мийнетлеримди баҳалап, итибарға алғаны ушын, биз жасларға ис билерменликти раўажландырыўға кең жол ашып берген ҳүрметли Президентимизге, халқымызға ҳәм ҳүкимет басшыларымызға алғыслар болсын! Мени қоллап-қуўатлағаныңыз ушын досларым сизлерге миннетдарман.

**Кийикбай** -Мақпал, сениң бул жетискенликлериңе мен де қуўанышлыман. Сен Ташкенттен қайтып келген соң, еки тойды гурлетип бир беремиз.

**Мақпал** -Рахмет! Ҳәммеңизди тойымызға мирәт етемен.

**ТАМАМ**